



Pou Piblikasyon Imedya: 19/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE MOUN NEW YORK POU YO PARE POU  
INONDASYON AKOZ ANBAK KI GEN DWA VIN GENYEN**

***Semèn sa a, Tanperati an pral Monte, sa k ap Kreye yon Menas pou Rivyè ak  
Kouran Dlo, Sitou pou Mohawk River nan Konte Albany and Schenectady***

***Yo voye plis pase 50,000 Sak Sab nan Rejyon Kapital pou Pwoteje Zòn ki Fasil  
pou gen Inondasyon toutolon Mohawk***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te ankouraje moun New York ki abite nan zòn toutolon kouran dlo ak rivyè pou yo pran prekosyon kont inondasyon akoz anbak ki gen dwa vin genyen poutèt yo atann aske tanperati yo monte anpil epi lapli tonbe semèn sa a. Yo prevwa tanperati cho ki inabityèl semèn sa a nan tout eta a, epi yo atann aske gen lapli apremidi an rive jouk nan aswè a, avèk lòt lapli ankò nan Rejyon Nò an, madi rive mèkredi. Konbinezon tanperati cho, kèk lapli ak glas ki fonn kapab lakòz depasman anbak ak ti inondasyon madi apremidi rive jis nan jedi. Kòm tanperati an ap monte, mouvman anbak ak posibilite inondasyon anbak rete yon danje kote ki bloke toupre pon, koud larivyè, ekliz, ak lòt zòn blokaj potansyèl olon rivyè ak kouran dlo sa yo.

Y ap veye gwo anbak toutolon Mohawk River pou wè si y ap deplase. Lòt zòn ki bay enkyetid atravè eta a se Black River nan Rejyon Lwès New York toupre Watertown, Fish Creek nan Konte Oneida ak Mohawk River nan Rejyon Mohawk Valley, ak branch lès Ausable River toupre Ausable Forks nan North Country. Prezantman, y ap veye inondasyon nan North Country ak kèk pati nan rejyon New York Santral yo. Yo mande kominote ki toupre anbak ki an plas prezantman pou yo kontwole seryezman previzyon metewolojik e respekte enstriksyon ki soti nan men fonksyonè jesyon ijans ak lapolis lokal yo.

“Depi mitan mwa Desanm, n ap kontwole avèk vijilans 50 anbak atravè New York, e etandone previzyon pou semèn sa a, mwen te mande ajans leta yo pou yo prepare yo pou kondisyon ki gen dwa ogmante risk inondasyon nan tout eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje nenpòt moun k ap viv olon Mohawk River, oswa nan zòn ki te inonde deja, pou yo prete atansyon a rapò sou move tan epi rete an sekirite.”

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Roger Parrino, Sr., te di, “N ap**

kontwole aktivman anbak depi plizyè semèn nan tout New York e nou kontinye travay nan yon tèt ansanm ak kolaboratè nou yo onivo leta e onivo lokal pou asire ke kominote yo gen resous yo bezwen pou prepare yo pou reyaji sizoka ta gen inondasyon olon rivyè ak kouran dlo yo”.

**Komisyonè Pwovizwa Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York, Paul A. Karas, te deklare,** “Avèk tanperati yo panse ki pral monte nan jou k ap vini yo, n ap kontwole depre sityasyon anbak gen dwa kreye. Sou demann Gouvènè Cuomo, Depatman Transpò ap prepare li e l ap bay repons jan sa nesèsè pou ede moun New York parèy nou yo, nan yon tèt ansanm avèk kolaboratè nou yo onivo leta e onivo lokal”.

**Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway, Matthew J. Driscoll, te deklare,** “Otorite Thruway pare pou reyaji si ta vin gen inondasyon osen sistèm Thruway lan. N ap kontwole kondisyon yo aktivman epi resous ak anplwaye nou yo pare pou reyaji jan sa nesèsè, ansanm avèk lòt ajans leta”.

**Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral a (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare,** “Moun New York travay ansanm lè gen chanjman rapid nan tan an, ki ka lakòz inondasyon. Sou demann Gouvènè Cuomo, anplwaye ekspè DEC ap kontwole rivyè, kouran dlo ak wiso nan eta a pou inondasyon anbak ki gen dwa vin genyen, e yo pare pou ede vwazen nou yo toutolon dlo sa yo; y ap repara estrikti pwoteksyon kont inondasyon yo e bay pèmi pi rapid. Ansanm avèk kolaboratè nou genyen nan ajans eta yo, nou pare pou fè tout sa ki nesèsè pou ede vwazen nou yo”.

“Canal Corporation ap kowòdone avèk Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta a ak lòt biwo jesyon ijans lokal yo, epi nou te pran tout prekosyon nesèsè pou asire sekirite resous Canal yo kont inondasyon anbak ki gen dwa vin genyen toutolon Mohawk”, **Direktè Canal Corporation, Brian Stratton te deklare.** “Menm jan ak pandan tout ane an, sekirite se pi gwo priyorite nou, kidonk nou avèti tout moun New York pou yo ogmante konsyantizasyon e pran prekosyon.”

**Sipè-entandan George P. Beach II te deklare,** “Lapolis Leta kontinye kontwole ki kote anbak yo ye, epi yo pare pou ede kolaboratè nou onivo leta ak kominote lokal si vin gen inondasyon”.

### **Preparasyon Ajans Leta yo**

#### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

Eta New York te an kontak sere avèk fonksyonè onivo lokal e onivo leta nan Konte Schenectady ak Albany pandan plizyè semèn pou prepare pou inondasyon ki gen dwa vin genyen akòz gwozè ak etandi anbak sou Mohawk River. Depi fen Janvyè, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo te an kontak konstan ak Sèvis Nasyonal Meteyo (National Weather Service) epi kontinye ap fè plizyè apèl konferans chak semèn avèk konte Albany ak Schenectady, Vil Schenectady, State Canal Corporation, Depatman Transpò Leta, ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral Eta a, pou diskite kondisyon

meteyo, siveyans anbak, preparasyon repons dijans onivo konte yo ak onivo lokal, aksyon leta, ak demann pou asistans nan men leta.

Jiska dat, Divizyon an te bay plis pase 50,000 sak sab, 2 mastik pou sak sab, dis ponp avèk tiyo ak filtr, avèk 2 UHF Repeaters pou kominikasyon ijans nan Konte Albany ak Konte Schenectady.

## **Operasyon Sak Sab**

Konte Albany

- Port of Albany nan Albany

Konte Schenectady

- Depatman Otowout Konte Schenectady (Schenectady County Highway Department) nan Schenectady
- Vil Schenectady - Foster Avenue nan Schenectady

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo prè pou yo reponn a demann pou asistans avèk resous k ap soti nan estokaj rezèv li yo, ki gen ladan 732 dèlko, 255 poto limyè, 1,258 ponp, 9 aparèy pou ranpli sak sab, plis pase 990,000 sak sab, plis pase 63,000 repa ki tou prepare, prèske 70,000 boutèy ak 348,000 kanèt dlo, prèske 9,000 kabann pòtatif, apeprè 13,000 dra ak zòrye, plis pase 4,000 flach, 960 baryè sikilasyon, 594 baril sikilasyon, ak plis pase 7,600 pye baraj aqua dam. Anplis de sa, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control) te idantifye sit posib lansman dlo rapid pou sekou rapid nan zòn estratejik olon Mohawk River ak Hudson River.

Yo planifye yon Kò Fòmasyon pou Preparasyon Sitwayen (Citizen Preparedness Corps Training) nan dat 2 Mas, nan Schenectady County Community College a 9:30 am pou bay rezidan yo enfòmasyon yo bezwen pou asire ke yo prepare sizoka ta gen inondasyon, pou yo konnen meyè fason pou reyaji e repan pye pi vit posib. Fonksyonè Jesyon Dijans onivo Leta ak Lokal (State and Local Emergency Management) ap prezan pou reponn kesyon piblik la genyen. Yo anjouraje moun enskri davans, e enskripsyon an disponib sou [prepare.ny.gov](https://www.prepare.ny.gov).

## **Depatman Transpò**

Sou demann Konte Schenectady, Depatman Transpò ap siveye regilyèman zòn inondasyon repete te menase nan lefase. Depatman Transpò deja enstale sis poto limyè, kat chajè, ak aparèy pou fèmen wout nan DOT Rotterdam Residency nan Schenectady. Anplis de sa, Depatman Transpò ap travay avèk Konte Schenectady pou kontwòle 12 piston klapè yo (11 anba Route 890, 1 anba Route 5S) pou asire y ap travay byen epi pa vin gen debri.

## **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Otorite Thruway ap pare pou pran ka nenpòt ki pwoblèm inondasyon atravè eta a, avèk plis pase 590 operatè ak 91 sipèvizè, 16 ti pèltez mwayen, 260 chasnèj/kamyon fatra, 55 gwo chajè, ak plizyè tablo VMS pòtab, poto limyè pòtab, dèlko ki pi piti, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman, ansam ak siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt ki detou oswa fèmeti.

## **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal**

Depatman Konsèvasyon an te fè plizyè dwòn vole anlè rivyè, kouran dlo, ak wiso yo atravè eta a pou analize sitiyasyon an e gade gwozè ak etandi anbak ki gen dwa deplase. Y ap kontinye voye dwòn ofiyamezi kondisyon yo ap chanje pou jwenn plis imaj ayeryen. DEC ap itilize kan plenn inondasyon FEMA yo tou, ak ekspè li genyen, pou idantifye zòn inondasyon pou yo bay priyorite, tankou kouran dlo ak wiso ki toupre, kote lanèj ki fonn ak lapli ka lakòz dega inondasyon. DEC ap kontwòle previzyon sou nivo dlo yo ak mezi inondasyon yo sou rivyè, kouran dlo, ak wiso, pou evalye risk inondasyon epi reyaji si ta vin gen inondasyon. Plis pase 100 Ofisye DEC Lapolis Ajans Konsèvasyon Anviwònmanal la, Gad Forè Eta yo, enjenyè dlo, pèsonèl repons debòdman yo ak pèsonèl jesyon ijans yo prè ak 25 bato ak lòt zouti jesyon ijans pou yo reponn rapidman a nenpòt debòdman oswa operasyon rechèch ak sekou yo bezwen pandan nivo dlo inondasyon yo ap monte.

DEC pare pou apwouve Otorizasyon pou Ijans pou aksepte pwojè byen rapid olye pou l bay pèmi endividyèl, epi jeneralman yo ka bay otorizasyon sa yo nan yon delè 24 èdtan. DEC apwouve otorizasyon ijans pou sitiyasyon yo konsidere kòm ijans, baze sou pwoteksyon imedyat lavi, lasante, byennèt jeneral, pwopriyete oswa resous natirèl.

## **Canal Corporation**

Anplwaye Canal Corporation ap kowòdone sere-sere avèk DHSES ansanm ak lòt antite repons ijans onivo leta ak lokal pou prepare resous kanal yo pou inondasyon anbak ki gen dwa vin genyen. Canal Corporation bese nivo dlo nan Delta ak Hinckley Reservoir pou bay plis espas pou stoke dlo an preparasyon a ekoulman yo prevwa a.

## **Lapolis Eta New York**

Manm Patwouy Eta yo ap kontinye ede avèk zòn siveyans olon kouran dlo ak rivyè ak wiso, ki an danje inondasyon akòz anbak. Manm Patwouy yo pare pou yo deplwaye sizoka ta vin gen inondasyon. Tout machin xx4 ansanm ak motonèj ak bato yo pare pou deplwaman jan sa nesesè.

## **Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon**

Men konsèy sekirite nan kad preparasyon pou inondasyon:

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.

- Fè yon lis detaye – ansanm ak dokiman foto ak videyo ki ka genyen -- tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la
- Kenbe sou lamèn yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman pou fè manje nan sitiyaasyon ijans
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyaasyon ijans
- Verifye kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo sou [www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm](http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm).

###

W'ap jwenn lòt nouèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)